

# Efè Segondè Radyo-Terapi

HCS Radiation Therapy Side Effects - Haitian Creole

Radyo-terapi ekstèn itilize reyon enèji pisan pou touye selil kansè yo nan yon timè. Radyo-terapi kapab lakòz kèk efè segondè si selil nòmal yo ki toutotou timè a domaje.

Kèk efè segondè komen pou nenpòt moun ki resevwa radyasyon tankou fatig ak pwoblèm nan po. Men lòt efè segondè yo depann de ki kote kò a trete. Radyo-terapi nan poumon kapab lakòz kèk pwoblèm respirasyon. Men radyasyon nan pwostat la ta ka lakòz twoub pou pipi paske blad-pipi a toupre pwostat la.

Efè segondè yo ki endike la a souvan kòmanse yon semèn oswa plis apre premye tretman ou an. Pifò efè segondè yo vin soulaje nan kèk mwa apre tretman an fini, men kèk ladan yo kapab dire plis tan. Ou p ap santi anyen pandan sesyon tretman an. Men kèk efè segondè ou kapab vin genyen si w ap resevwa radyasyon nan pati sa yo nan kò ou.



## Sèvo a

Maltèt, cheve-tonbe, ou santi ou malad nan lestomak ou oswa ou santi w ap vomi, pèt odisyon chanjman nan po ou oswa twoub memwa ak lapawòl



## Tèt la ak kou a

Blesi nan bouch ak nan gòj, bouch sèk, twoub pou vale, chanjman nan gou, ou santi ou malad nan lestomak ou, oswa w ap vomi, pwoblèm nan dan, jansiv anfle, gòj oswa kou anfle, cheve ou ap tonbe nan tèt ak figi ou, oswa machwè ou vin rèd



## Poumon, pwatrin, ak tete

Gòj irite, pwoblèm pou vale, ou pa santi ou grangou, tous, doulè nan pwatrin, Pwoblèm pou respire, tete sansib oswa anfle, oswa bra anfle (lenfodèm)



## Basen (blad-pipi, pwostat, kòl iteris, ovè, iteris)

Dyare, ou gen twoup pou pipi, oswa brili lè w ap pipi twoub pou fè pitit, oswa (pwoblèm seksyèl, dezi ki ba pou fè sèks twoub avèk ereksyon)



## Lestomak, kolon, ak rektòm

Ou santi ou malad nan lestomak ou oswa ou santi w ap vomi, doulè oswa lakranp nan vant, dyare oswa konstipasyon



## Po a

Po a vin wouj, sansib, anfle, sèk gen zanpoud, ap dekale, ba ou doulè, ba ou demanjezon, oswa cheve ou ap tonbe

Mande ekip swen kansè ou ki efè segondè w ap genyen pi souvan pou kansè ou ak sa ou kapab espere pandan ak apre radyo-terapi a.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kontwòle efè segondè radyo-terapi ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè nan [cancer.org/phm](https://cancer.org/phm) or call us at **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.